


# BONDYE PWISAN AN

## DEWALE DEWAN NOU

 Mwen gen kèk Ekriti mwen te note, ke m ta renmen pati de yo pou pale avèk nou, e mwen gen konfyans ke Bondye va beni ti efò pay nou yo.

<sup>2</sup> Bon, anpil moun ap poze tèt yo kesyon poukisa nou etranj konsa a epi n ap fè tout bwi sa yo. Ou konnen, sa se yon jan de—de konvansyon ki diferan de sa moun konn—konn abitye wè. E, anjeneral, tout bagay fèt yon jan koupe sèk pou la fòm. Men kan nou vini nan konvansyon sa yo, se privilèj pa m kounye a plizyè lane depi lè yo te fèk kòmanse, e se apèn si nou konnen kisa nou pral fè. Nou jis vini e nou soumèt nou. Sa se sèl bagay nou konnen pou n fè. E se Bondye k ap fè rès la. Kifè se sa k fè nou se yon pèp ki aji yon fason trè etranj.

<sup>3</sup> Lòt jou, gen yon moun ki te di: “Ou konn yon bagay, nou menm moun sa yo nou etranj tout bon.”

Mwen te di: “Ebyen, mwen—mwen sipoze ke nou konsa vre.”

<sup>4</sup> E mwen sonje youn nan konvansyon yo. Frè Troy t ap pale m yon fwa de yon ti Alman ki te di li resevwa batèm Sentespri a. E nan demen, nan atelye kote li t ap travay la, li te leve men l yo e li t ap louwe Seyè a, e li t ap pale an lang e li te jis ap konpòte l, yon fason terib. E finalman, patwon an te vin parèt epi li di: “Heini, ki pwoblèm ou?”

<sup>5</sup> Li di: “O, mwen sove.” Li di: “Mwen jis gen lajwa k ap debòde nan kè m.”

<sup>6</sup> Li di: “Ebyen, ou dwe te ale bò kote bann fou [An anglè, mo “nut” la vle di “ekwou” men li vle di tou “fou”.—Tradiktè a] sa yo laba a.”

<sup>7</sup> Li di: “Wi. Lwanj pou Bondye!” Li di: “Mèsi Seyè pou ekwou yo.” Li di—li di: “Pran otomobil la, k ap woule sou wout la.” Li di: “Retire tout ekwou yo ki ladann lan, ou pap gen okenn lòt bagay ke yon bann ‘mòso fè.’” E se jis . . . Se prèske vrè, ou konnen.

<sup>8</sup> Yon jou, mwen t ap mache nan lari Los Angeles yo, nan Kalifòni, e mwen te wè yon nonm ki te gen yon siy sou pwatrin li, epi *yon* bò. Li te di: “Mwen fou pou Kris.” E tout moun t ap gade l. E m te remake yo ki t ap tounen pou yo gade, lè l te fin pase. E m te fè panse pou m swiv menm jan ak yo. E sou . . . do li, li te di: “Pou ki moun ou fou?” Ya. Mwen sipoze ke nou tout on ti jan etranj, youn pou lòt, ou konnen.

<sup>9</sup> Men, ou konnen, lemonn tèlman plonje nan yon twou, jouk yon bagay diferan ka parèt si tèlman etranj, jouk moun yo va

panse ke gen yon bagay ki mal. E anjeneral Bondye dwe fè yon bagay trè etranj, pou fè pèp la tounen nan Bib la ankò.

<sup>10</sup> Mwen ka imagine m ke Noe te yon—yon sòt de fou, pou laj syantifik sa a li t ap viv ladann nan, paske yo te ka pwouve ke pat gen dlo nan syèl la. Men Bondye te di ke t ap genyen. Alò, Noe, antan li t ap preche e li te kwè sa, li te vin pase pou yon fou.

<sup>11</sup> E mwen ta imagine m ke lè Moyiz te desann an Ejipt, li te yon—yon sòt de fou, pou Farawon. Men sonje, Farawon te yon fou, pou li tou. Alò yo . . . Nou konprann sa.

<sup>12</sup> Menm Jezi te konsidere kòm yon eretik. Se vre. Martin Luther te yon fou, pou legliz Katolik. E John Wesley te yon fou, pou Anglikan yo. Alò, ou konnen, se—se lè ak tan pou yon lòt fou. Nou pa panse konsa? Men, anvan te ka gen yon ekwou, ou konnen, te dwe gen yon boulon, an premye, pou vise ladann.

<sup>13</sup> Kidonk, ou konnen, Noe, paske li te yon ekwou, li . . . Sa pran ekwou a, ki rale boulon an, pou mete bagay yo ansanm, epi fikse yo ansanm. Konsa, Noe te kapab rale tout sa ki te dwe kwè yo, nan lach la, lwen jijman yo, paske li te yon ekwou.

<sup>14</sup> Nou remake, ke, Moyiz rale legliz soti deyò nan Ejipt, paske li te yon ekwou. Se vre.

<sup>15</sup> Mwen kwè ke nou bezwen yon ekwou kounye a, pou rale Lepouz soti deyò nan legliz. Nou bezwen yon bagay kounye a, yon lòt, alò nou se yon sòt de pèp trè etranj. E mwen te panse, aswè a, si Seyè a te vle, mwen t ap eseye li kèk Ekriti ki gen rapò avèk sa, e mwen t ap pale avèk nou jis yon ti moman, e mwen t ap eseye montre nou poukisa nou se yon pèp tèlman etranj lan.

<sup>16</sup> Annou ale nan Lèzekriti kounye a, nan Filipyen chapit 2, 1 a 8, e nan 2 Korènt 3:6. E annou li, piske nou kwè Pawòl Bondye a.

<sup>17</sup> E kounye a, jis anvan nou li, annou bese tèt nou pou lapriyè.

<sup>18</sup> Papa nou ki nan Syèl la k ap fè gras, nou se yon pèp privilejye tout bon, aswè a, poutèt n ap viv nan aj sa a, e poutèt nou konstate bagay sa yo ke nou wè k ap pase yo, e poutèt nou konnen ke tan an preske rive, lè Jezi pral vini pou Legliz Li. O, sa fè kè nou tresayi, Seyè! E pandan n ap tounen paj yo, aswè a, nou priye Ou va bannou kontèks ki soti nan tèks sa a. Epi se pou Sentespri a revele bay kè nou bagay ki bon e ki fè Bondye plezi. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

<sup>19</sup> Ou konnen, mwen kwè ke m pral mande nou pou n fè yon bagay. Anjeneral, mwen—mwen mande bagay ki etranj, e mwen espere ke mwen pa pral mande anyen ki twò etranj. Men lè n ap montre fidelite anvè drapo a, nou tout leve kanpe. E—e si drapo a ap pase, nou leve kanpe; sa se sa, nou dwe fè. E nou leve kanpe, pou nou salye li. Annou leve kanpe sou pye nou pandan ke n ap li Pawòl la, si ou vle, se 2 Korènt 3:6.

*Ki . . . rann nou ka minis dapre nouvèl alyans la; pa dapre lèt ekri, men dapre lespri: paske lèt ekri a mennan lanmò, men lespri a lavi.*

*Men si—men si ministè lanmò a, ki te ekri e grave sou wòch, te gen glwa, jiskaske desandan Izrayèl yo pat kab sipòte gade figi Moyiz akòz glwa sa t ap degaje; menm si glwa sa a te tanporè:*

*Se pa tikras glwa ministè lespri a pataka pa genyen pito?*

*Paske si ministè kondanasyon an te vini avèk glwa, konbyen plis ministè ki jis la va depase glwa sa nèt ale.*

*Paske menm sa ki te glorifye a pa t ko janm te gen glwa devan sa a ki depase l nèt ale a.*

*Paske si sa ki te tanporè a te glorifye, ala . . . oswa se pa tikras plis glwa sa ki pèmanan an va genyen.*

*Kifè lè nou konsidere kokenn chenn espwa sa nou genyen an, nou pale lib san jennen.*

*E se pa tankou Moyiz, ki te mete yon vwal sou figi l, pou te anpeche desandan Izrayèl yo gade jiska lafen sa ki ta pral disparèt la:*

*Men, panse yo te anbrouye: paske jouk jodi a menm vwal sa toujou la lè y ap li ansyen testaman e yo pat retire l; vwal sa soti lè w antre nan Kris.*

*Menm jouk jodi a, lè y ap li Moyiz, vwal la ankò anvayi kè yo.*

*Malgretou, lè yo va retounen vin jwenn Seyè a, vwal la va soti. Pa . . .*

*Kounye a Seyè a se Espri sa: e kote Espri Seyè a ye, genyen libète.*

*Kifè nou tout, ak figi nou lib n ap admire, tankou ap gade lan glas, glwa Seyè a, ap sibi chanjman pou vin tounen menm imaj la ap pase de glwa an glwa, epi menm vin konsa akòz Espri Seyè a.*

<sup>20</sup> E nan Filipyen 2, nou li konsa, ap kòmanse nan vèsè 1, epi nap li jouk nan vèsè 8 la.

*Si—si efektivman gen tout konsolasyon nan Kris, si gen tout rekonfò lanmou, . . . tout kominyon fratènèl an Espri, tout zantray mizèrikòd,*

*Fè kè m kontan, poutèt sa ke nou vin yon sèl panse, ke nou gen menm lanmou an, nou tout dakò, ak yon sèl panse.*

*Pa kite anyen fèt nan gwo diskisyon oswa montre w se pakèt afè men fè sa nan desann nou; ke chak moun konsidere lòt yo kòm pi bon pase yo menm.*

Piga pèsonn ap defann pwòp enterè l, men ke chak moun ap . . . chache enterè lòt yo tou.

*Ke panse sa kapab lan ou, e se sa tou ki te nan Jezikri:*

*Li ki, malgre l te la sou fòm Bondye, pat janm gen lan panse l mete men sou pozisyon sa pou vin egal ak Bondye:*

*Okontrè, li te abese tèt li kote li pat gen ankenn repitasyon, e li te pran fòm yon sèvitè, e li te vini dapre resanblans lèzòm:*

*E paske l te retwouve l tankou yon nonm, li te imilye pwòp tèt li, e li te obeyi jiska sibi lanmò, menm lanmò sou kwa a.*

21 Annou lapriyè.

22 Papa nou ki nan Syèl la, kokenn Pawòl sa ki sot li, aswè a, nan Ekriti Sakre W la, rann Li sitèlman reyèl nan kè nou, ke lè n ap kite isi a, nou ka di, tankou sa yo ki te sou chemen Emayis la: “Èske nou pat santi tankou yon dife k ap boule nan kè nou lè Li t ap pale avèk nou sou tout wout la?” Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

23 Bon, tèks sa a etranj anpil, men mwen kwè li apwopriye tout bon pou okazyon an. Mwen te vle pale sou sijè sa a: *Bondye Pwisan An Devwale Devan Nou.*

24 Bon, depi lè lèzòm egziste, te toujou gen yon dezi nan kè lòm, pou l dekouvri ki kote l soti, e rezon kifè li isit la, e ki kote l prale. Gen sèlman Youn ki ka reponn sa, se Sila a Ki te mete l isiba a. E lòm te toujou gen dezi wè Bondye.

25 Lontan nan Ansyen Testaman, nou wè ke Bondye te konn vwale L Li menm devan je enkwayan yo. Bondye gen yon fason trè etranj li trete ak moun. Li kache Tèt Li Li menm devan enkwayan an pou revele L Li menm devan kwayan an. Se sa Bondye fè. Jezi te di Papa a mès, paske, Li te kache bagay sa yo nan je gwo save ak moun lespri yo, e Li te devwale L bay ti piti yo ki vle aprann. Alò, nou wè ke Bondye pa janm chanje, dapre nati Li, e Li toujou ajì menm jan an. Nou jwenn, nan Malachi 3, ke Li di: “Mwen se Bondye, e Mwen pap chanje.” Alò, Li ajì selon menm prensip la, tout tan.

26 Bon ann pran youn nan liv ki pi ansyen nan Bib la. Pandan Jòb, youn nan moun ki te pi jis nan epòk pa l la, yon nonm pafè selon lwa Bondye yo, yon sèvitè, ki nòb, yon sèvitè ki onorab, jouk Bondye arive di: “Pa gen okenn moun tankou l, sou latè.” Men . . . dezi li, yon fwa, se te wè Bondye. Li te konnen ke te gen yon Bondye, e li te santi ke li ta renmen wè Li, oswa, lòt jan w ka di l, ale lakay Li epi frape pòt la, epi di: “M ta renmen pale avèk Ou.” Epi chita, pale avèk Li, tankou nou t a fè l youn ak lòt.

27 Nou byen konprann. Se poutèt sa nou gen konvansyon sa yo, kote nou ka rasanble ansanm epi—epi di fon panse nou. E—e nou konprann youn lòt, pi byen, lè nou ka pale bagay yo youn ak lòt. E minis yo fè sa. Moun ak tout kalte eksperyans lavi fè sa, yo pale sou bagay yo.

28 E, Jòb, Bondye te sitèlman reyèl pou li, ke li te vle chache konnen si l pat ka ale, frape pòt Li, epi—epi fè yon—yon ti koze avè L.

29 Men nou wè ke Bondye te pale avè l, men Li te vwale. Li te vwale sou fòm yon toubyyon. E Li te di Jòb pou l mare ren l sere; Li ta pral pale avè l, tankou yon nonm. E Li te desann nan yon toubyyon e—e Li te pale avèk Jòb. E Li te devwale L devan Jòb nan toubyyon an, malgre sa li pat wè L egzaktman. Li te sèlman tande van an ki t ap soufle e ki t ap vire tounen, nan pye bwa yo. E Vwa a te soti nan toubyyon an, men Bondye te vwale nan toubyyon an.

30 Nou jwenn, an Afrik, an Afrik di Sid, yo itilize mo *amoyah* a, ki vle di, “yon fòs envizib.”

31 E Fòs envizib sa a, nan toubyyon an, te gen yon Vwa ke w te kab tande. Li te pale ak Jòb, men malgre sa li pat janm te wè fòm Li. Men Li te vwale, pou li, nan toubyyon an.

32 Nou wè youn nan gran pwofèt nan Bib la, Moyiz, nan Ansyen Testaman an, youn ke Bondye te chwazi, te seleksyone, ki te yon sèvitè predestine, li menm tou li te anvi wè Li. Li te sitèlman pwòch Li, e li te sitèlman wè anpil bagay ke men fò mistik Li a ki t ap mache devan l e ki t ap fè bagay ke Bondye sèl te ka fè. Li te anvi wè L yon jou, e Bondye te di li: “Ale, kanpe sou wòch la.”

33 E pandan l te kanpe sou wòch la, Moyiz te wè L pase. Li te wè do L. E li di: “Sa te sanble yon nonm, do yon nonm.” Poutan, li pat wè Bondye. Li te sèlman wè vwal Bondye.

34 Bib la di: “Pèsonn pa janm wè Bondye okenn fwa, men se sèl Pitit Papa a ki fè moun konnen L.” Konsa, Moyiz te wè L, vwale, tankou yon Nonm. Nou wè ke Jewova ki te nan Ansyen Testaman an se te jis Jezi nan Nouvo Testaman an.

35 E—e Doktè Scofield isi a, nou wè ke, pawòl li a, chanje “fòm.” Nou jwenn ke mo *en morphe* a, an Grèk, li vle di “envizib la vin tounen vizib.” Yon bagay ki pa ka . . . Nou konnen ke li la a. Li pa ka . . . moun pa ka wè, men malgre sa nou konnen ke li la a. E lè Li chanje fòm Li, apati de *en morphe*, ki vle di ke Li soti nan sinatirèl pou vin tounen natirèl.

36 E Li te jis chanje mask Li, lòt jan w ka di sa, se tankou yon pyès teyat. Li t ap jwe yon wòl. E nan pyès teyat Grèk yo, lè pou yo chanje mask, petèt yon ak- . . . yon aktè te kapab jwe plizyè wòl.

37 E pitit fi m lan, ki isi a, yo fèk sot jwe yon—yon pyès teyat, nan lekòl segondè a. E sèl gason ke m te wè a, li te jwe anviwon

kat wòl, men li te ale dèyè sèn lan e li te chanje mask li—li, pou l te ka soti, al jwe wòl yon lòt pèsonaj.

<sup>38</sup> Bon, si w pran pwofesi Ansyen Testaman yo ki gen rapò ak sa Mesi a te dwe ye, ou ka konpare l ak lavi Jezi, e w ap sezi egzaktaman ki moun Jezi te ye. Li pat jis yon nonm òdinè. Li te Bondye, *en morphe*. Li te pase de—de yon fòm sinatirèl a fòm natirèl yon Nonm. Poutan, Li te Bondye, manifeste nan lachè, vwale nan yon imen, yon vwal lachè.

Epi obsève Ansyen Testaman an.

<sup>39</sup> Mwen—mwen—mwen konnen ke m ap pale a yon oditwa ki melanje, aswè a, ki soti nan diferant pati mond lan. E nou isit la pou nou dekouvri. Kisa n ap—kisa n ap fè? Kisa—kisa nou ye? Ki kote nou prale? Kisa k ap pase? Kisa tout sa vle di?

<sup>40</sup> E nou jwenn, isi a, ke, si yo menm Jwif yo gason kou fanm, ak raben yo nan—nan—nan tanp lan, nan jou pase yo, si yo t ap obsève Bib la, pwofesi yo, olye de tradisyon yo, yo t ap rekonèt kilès Jezi te ye. Yo pa t ap janm rele L Bèlzeboul. Yo pa t ap janm krisifye L. Men, tout wòl sa yo te dwe jwe. Sa fè pati pyès teyat la. E yo te avèg, nan ka sa.

<sup>41</sup> Se tankou anpil nan nou mesye yo, fanm yo, isi a aswè a, ki petèt gen menm laj avè m oswa ki yon ti jan pi aje. Nou sonje, isi a an Amerik, plizyè lanne pase, anvan . . . Chinwa yo . . . Frè m lan, yo fèk sot prezante isi a, sa te vin nan lespri m pandan m t ap pale avè l. Kijan yo te abitye . . . Yo pat konn pale angle, e yo—yo te konn fè biznis lesiv. E lè w te konn al nan biznis lesiv li a, pou lavaj ou a te ka fèt. Lesivyè Chinwa yo—yo te konn pran yon etikèt, e yo te konn chire l yon fason. Ou te konn pran yon pati nan etikèt la; epi li te konn kenbe lòt pati a. Men lè w retounen vin chache zafè w yo, de moso papye sa yo te dwe koresponn youn ak lòt. E si yo pat koresponn jis egzaktaman kòrèk . . . Ou pat ka imite l nan okenn fason, paske li te gen yon moso e ou te gen lòt moso a. E si yo te imite l . . . Alò ou te gen dwa reklame sa k te pou ou a. Epi ou te jwenn sa k te pou ou a, lè w te genyen lòt pati kontra a.

<sup>42</sup> Se konsa li ye, aswè a, lè nou gen lòt pati kontra a. Lè, Bondye te dechire Pitit Li a an de, sou Kalvè a, pou fè kò a monte kòm Sakrifis, epi voye Espri a desann pou nou, ki te viv yon fwa nan yon Nonm, Jezi. Menm Bondye sa vwale aswè a, sou fòm Sentespri a. De moso sa yo dwe vin jwenn ansanm, lè sa w ap fè pati kontra a. Bondye te fè sa, pou lòm te ka konnen Li pi byen, lè Li te fè Li menm vin yon Nonm.

<sup>43</sup> Mwen t ap li yon istwa, sa fè kèk tan pase. E nan istwa sa, yo pale de yon gran wa, ki te nòb . . . Mwen bliye non l, pou kounye a. Mwen pat panse pale de istwa a. Se, petèt yon lejand, men li mennen kote k bannou kontèks pou sa nou vle pale a. Wa sa a, li te yon wa tèlman nòb, e li te tèlman renmen moun anba l yo,

jouk, yon jou, devan gad li yo—yo ak manm fanmi wayal li, li di: “Jodi a, se dènye fwa n ap wè m, pou plizyè lane.”

44 E gad li yo ak nòb li yo di l konsa: “Bon wa, poukisa w di sa? Èske w prale nan yon peyi etranje, kote, w ap tounen yon etranje?”

45 Li di: “Non. M ap rete isi a menm. Ebyen,” li di, “M pral nan mitan moun ki anba m yo. M pral fè m tounen yon peyizan. M pral koupe bwa ak sa yo k ap koupe bwa. M pral—pral travay latè ak sa yo k ap travay latè. M pral koupe pye rezen yo ak sa yo k ap taye pye rezen. Mwen pral fè m youn nan yo, pou ke m kapab abitye pi byen ak sa y ap fè. E mwen renmen yo. E mwen vle abitye avèk yo pi plis, pèsònèlman. Yo pap konnen si se mwen. Men, kan menm, mwen vle abitye avèk yo, nan fason sa a.”

46 E nan demen maten, lè delege l yo, tout moun li yo te wè l, osinon sa yo ki te nan palè a, retire kouwòn li epi depoze l sou yon chèz, sou twòn lan; epitou retire rad li sou li, epi mete rad peyizan sou li, pou l al mache nan mitan moun òdinè.

Ebyen, nan ti istwa sa a, nou dekouvri yon bagay sou Bondye.

47 Yo di wa a, yo di: “Wa, nou bezwen w. Nou renmen w. Nou—nou vle se ou k pou wa.” Men li te vle vin youn nan yo, pou l te ka konnen yo pi byen, epi pou yo te ka konnen l pi byen, sa li te ye tout bon. Sa te kab montre yo ki moun li te ye tout bon.

48 E se sa Bondye te fè. Li—Li te transfòme pwòp tèt Li, an pasan de Jewova Bondye, pou vini youn nan nou, pou Li ka soufri, pou Li ka goute lanmò, pou Li ka konnen kisa pikan lanmò a te ye, e pou Li pran penalite lanmò sou Li. Li te mete kouwòn Li—Li sou kote ak rad Li, epi Li vin tounen youn nan nou. Li te lave pye sa yo—sa yo—ki nan bafon. Li te abite anba tant, ak sa ki pòv yo. Li te dòmi nan—nan bwa ak nan lari, ak sa yo ki te malere. Li vin tounen youn nan nou, pou Li ka konprann nou pi byen, e pou nou ka konprann Li pi byen.

49 Kounye a, mwen panse ke, la a, nou wè, lè Li transfòme, pwòp tèt Li, se sa L te fè. Si w remake, Li te vini nan non twa fis. Li te vini nan non Fis de lòm, e nan non Fis de Dye, e Fis de David. Li te vini kòm Fis de lòm.

50 Bon, nan Ezekeyèl 2:3, Jewova, Li menm, te rele Ezekeyèl, pwofèt la, “fis de lòm lan.”

51 *Fis de lòm* vle di “yon pwofèt.” Li te dwe vini konsa, pou akonpli Detewonòm 18:15, kote Moyiz di: “Seyè Bondye nou an gen pou l fè leve yon pwofèt nan mitan nou tankou mwen.” Li pat janm rele tèt Li Li menm Fis de Dye. Li te prezante tèt Li Li menm kòm, “Fis de lòm lan,” paske Li te dwe vini an akò ak Lèzekriti. Ou wè? Li te dwe fè de moso papyè dechire sa yo, pwofesi Ansyen Testaman an ak pwòp karaktè pa L, vin egzaktman menm bagay. Alò, Li te vini, Fis de lòm lan, te vini sou fòm sa a.

52 Epi nou wè, apre lanmò, antèman, ak rezirèksyon Li, Li te vini lè Jou Pannkot la, kòm Fis de Dye; Bondye, Lespri a, sou fòm, Sentespri a. Kisa Li t ap fè? Li t ap transfòme pwòp tèt Li, Li t ap devwale Li Li menm bay pèp Li sou yon fòm diferan. Tankou, Sentespri a, ki se Bondye, Li te vini pou pase atravè aj legliz yo, kòm Fis de Dye, Sentespri a.

53 Men, nan Milenyòm lan, Li vini kòm Fis de David, pou chita sou twòn David la, kòm Wa. Li te sipoze pran twòn David la. Pou kounye a Li chita sou twòn Papa a. Epi Li di: “Sila ki va ranpòte viktwa a pral chita sou twòn Mwen avèk Mwen, menm jan Mwen te ranpòte viktwa epi Mwen chita sou twòn Papa m lan.” Alò, Li, nan Milenyòm lan, Li va Fis de David. Kisa sa ye? Menm Bondye a, tout tan nèt, ki jis ap chanje mask Li—Li.

Mwen se yon mari, pou madanm mwen.

54 Èske nou remake? Fanm Siwofenisyen lan te di: “Ou menm Fis de David, gen pitye.” Li pat menm janm deranje L, ditou. Li pat gen okenn dwa pou l rele L konsa. Li pat gen okenn dwa sou Li antan ke Fis de David. Li te. . . Li se Fis de David, pou Jwif yo. E kounye a Li vini. . . Men lè li te rele L, “Seyè,” Li te Seyè li, epi li te jwenn sa l te mande a.

Kounye a, kòm Li jis ap transfòme pwòp tèt Li.

55 Bon, lakay mwen, mwen se twa pèsòn diferan. Lakay mwen, madanm mwen gen dwa sou mwen antan ke mari. Pitit fi m lan laba a, li pa gen okenn dwa sou mwen antan ke mari; mwen se papa l. E ti pitit pitit gason m lan la a, mwen se gran papa l, alò li pa gen okenn dwa pou l rele m papa. Se pa mwen ki papa l. Se pitit gason m lan ki papa l. Mwen se gran papa l. Men mwen toujou rete menm nonm lan.

56 E Bondye, sa Li fè, Li jis transfòme pwòp tèt Li Li menm, pou vin jwenn jenerasyon sa a, pou L devwale pwòp tèt Li bay pèp sa. E se pou sa nou isi a pou n ka wè, aswè a. Nan ki fason Bondye sipoze devwale Li Li menm bay pèp Li e nan tan sa a? Li chanje mask Li, Li chanje aksyon L, men Li pa chanje dispozisyon L. Li pa chanje nati Li—Li. Li jis chanje mask Li, soti nan youn antre nan lòt. Li fè sa, pou revele pwòp tèt Li pi klè bay pèp la, pou yo ka konnen kilès Li ye, e kisa Li ye.

57 Nan Ebre 1, nou li: “Bondye, nan tan lontan e ak divès fason te pale ak pè fondatè nou yo, atravè pwofèt yo, men nan dènye tan sa yo se atravè Pitit Li a, Jezi.”

58 Bon, “pwofèt yo,” Jezi di, lè Li te isi a sou latè, ke “yo te bondye. Nou rele yo ‘bondye,’ sila yo ke Pawòl Bondye a te vin jwenn. E Lèzekriti pa kapab brize,” Li te di. Li di: “Kouman nou ka kondane L alò, si Li se Fis de Dye a?” Wè?

59 Chak aj genyen pòsyon Pawòl Bondye pa l, selon sa L dwe ye a. E Jezi se te akonplisman tout pwofesi yo. “ Nan Li tout kantite Divinite a an plen te abite nan kò Li.” Se te nan Li. Li se Sila a



ki te nan Jozèf. Li se Sila a Ki te nan Eli. Li se Sila a Ki te nan Moyiz. Li se Sila a Ki te nan David, wa ki te rejte a.

60 Pwòp pèp Li te rejte l, kòm wa. E pandan li t ap kite lakou a—a, yon ti bonòm enfim te fofile kò l, pat renmen gouvènman li—li an, sistèm li an, e li te krache sou li. E gad la tè rale epe l soti, li di: “Èske m pap koupe tèt chyen sa a, k ap krache sou wa m lan?”

61 E David, petèt pat realize sa l t ap fè nan moman an, men li te wenn. E li te di: “Kite l trankil. Se Bondye ki di l pou l fè sa.” E li te monte sou kolin lan epi li t ap kriye sou Jerizalèm, yon wa ki te rejte.

62 Èske nou remake? Kèk santèn ane apre sa, yo te krache sou Fis de David la, nan lari yo, e Li te monte sou kolin lan, menm montay la, Li t ap gade Jerizalèm anba a, yon Wa ki te rejte. E Li te kriye: “Jerizalèm, konbyen fwa mwen vle rasanble w tankou yon manman poul konn fè pou ti pousen l yo, men ou pa vle!”

63 Li pa janm chanje nati Li, paske Ebre 13:8 di: “Li se menm moun lan ayè, jodi a ak pou tout tan.” Bondye te fè L chè, pou L te ka mouri, pou rachte nou nan peche. Se poutèt sa Li te transfòme pwòp tèt Li, pou L te ka vin youn—yon Nonm.

64 Nou wè, nan Sen Jan 12:20, Grèk yo te tandè pale de Li. Bon, pa gen yon nonm ki fin tandè pale de Li pou kè l pap boule ak dezi pou l wè L. Tankou Jòb ak pwofèt lontan yo, yo tout te anvi wè L. Alò, Grèk sa a te vini pou l wè L. Yo te vin bò kote Filip, ki te moun Betsayda, yo di: “Mesye, nou ta renmen wè Jezi.”

65 Grèk yo te anvi wè L, men yo pat kapab wè L paske Li te nan tanp imen Li a. “Bondye te nan Kris, pou fè lemonn vin byen ak Li menm ankò.” Bon nou wè poukisa, akòz de sa, Grèk yo pat kapab wè L.

66 E remake pawòl menm ke Jezi te di yo, apre sa. Li di: “Sòf si yon grenn ble tonbe lan tè, pou l mouri, sinon li rete pou kont li.” Nan yon lòt sans, yo pa t ap janm kapab wè L pandan L t ap chanje a, pandan L t ap pote mask Li te genyen lè sa a, paske Li te vwale nan chè yon imen. Men lè grenn Ble sa a ta tonbe atè, alò Li t ap bay tout kalite ras. Yo te voye L bay Jwif yo, natirèlman, nan epòk sa a. Men grenn Ble sa a te dwe tonbe; Li te vwale Bondye, nan yon chè imen, Li te kache pou enkwayan yo, men Li te revele pou kwayan yo.

67 Nan Jan 1: “Nan kòmansman, Pawòl la te la e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te fè l chè e Li te abite pami nou, e nou te ba L anpil konsiderasyon, sèl Li ki te vin de Papa a, ranpli ak gras.” Bon, nan kòmansman, Pawòl la te la. Yon Pawòl se yon panse ki eksprime.

68 Nan kòmansman, Li pat menm Bondye. Bon, mo anglè pou di *Bondye* jodi a, vle di “yon bagay pou adore.” Ala konfizyon

sa mete nan lespri. Ou ka fè de yon moun yon dye. Ou ka fè de nenpòt bagay yon dye.

<sup>69</sup> Men nan Ansyen Testaman an, nan Jenèz 1, “Nan kòmansman *Bondye*,” mo ki itilize a, se Elohim. *Elohim* vle di, “Sila a Ki egziste pa Li menm.” Ala diferans mo Elohim lan genyen avèk mo *Bondye* nou an. *Elohim* vle di, “Sila a Ki egziste pati Li menm.”

<sup>70</sup> Nou pa ka egziste pa nou menm. Nou pa ka toupwisan, omnipotan, omniprezan, omnisyen. Elohim sa a vle di tout bagay sa yo. Nou pa kapab sa. Pye bwa a ou fè de li yon dye a, oswa—oswa bilding lan, li pa egziste pa li menm.

<sup>71</sup> Alò, *Bondye*, nan kòmansman, se te Lavi, Sila a Ki Etènèl la. Nan Li te genyen anpil atribi, e atribi sa yo te vin tounen Pawòl, e Pawòl la te vin fè L chè. Jezi se te Redanmtè a. E *rachte*, sa vle di: “mennen tounen.” Si L dwe mennen sa tounen, sa dwe te moun kote anvan kote yap mennen l tounen an. Alò, ou wè, tout moun pap janm kapab arive wè l, paske se pa tout moun ki te nan panse *Bondye* depi nan kòmansman. Ou wè?

<sup>72</sup> Gade sakrifikatè yo. Lè yo wè Li eksprime L Li menm egzakteman dapre Pawòl la, sa Li te ye, yo di: “Se Bèlzeboul.” Sa montre kote nati yo soti. Li te an akò ak panse modèn epòk la.

<sup>73</sup> Men lè ti jennès la, ke Li te rankontre bò pòt la, epi Li te di l, e Li te manifeste siy mesi a, jan Li t ap di l kisa l te fè. “Enben,” li di: “Mesye, mwen wè ke Ou se yon Pwofèt. Nou konnen, Mesi a, lè Li va vini, Li va di nou tout bagay sa yo.” Li te rekonèt Li kòm Mesi a, Sila a ki wenn lan, paske Li reponn a kritè Lèzekriti egzijè yo. Nou pa wè sa a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a] De moso papyè yo te vin kole ansanm. Li di: “Nou konnen lè Mesi a va vini.”

<sup>74</sup> Bon, *Bondye* te dwe petèt melanje *sesi* ak *sela*, pou jwenn yon sèten son nan klòch la, tankou moun k ap travay nan fondri yo. Men lè Jezi te vire, Li di: “Se sa M ye Mwen k ap pale avèk ou a,” pat gen jan de mo sa a tankou “Bèlzeboul.” Li te kite krich dlo li a, li kouri al nan vil la, e li di: “Vini wè yon Nonm Ki di m tou sa m fè. Èske nou pa kwè Se Mesi a?” Ou wè?

<sup>75</sup> Bon, kisa k te fè sa? Li te konpare ansyen Ekriti a ak ekperyans ke—ke Jezi te fè l fè a, kisa sa te fè? Sa te montre Mesi a. E èske w remake? Menm kote a, peche l yo te padonnen, paske, depi nan kòmansman, li te kapab *rachte*, paske li te nan panse *Bondye* depi nan kòmansman. Alò, sa te *rachte* l, oswa mennen l tounen, lè l te wè Lèzekriti ki te eksprime, ap manifeste Jewova, sa Li te ye, sa Li ye.

<sup>76</sup> Bon, lè Jezi te vini, si L te vini ak mesaj Noe a, sa pa t ap mache. Bati yon ach, epi pou l flote, sa pa t ap mache. Men Noe sa a te yon pòsyon nan *Bondye*. Li te ajì yon fason etranj, paske li te etranj, e mesaj li a te etranj paske se te Pawòl la ki t ap manifeste.

77 Li pa t ap ka vini ak mesaj Moyiz la, paske sa pa t ap mache. Moyiz te Bondye, nan yon kantite limite, ki te manifeste. Li te Pawòl ki te eksprime pou lè sa a, men Jezi pat ka vini konsa. Bib la pat janm di ke Li te gen pou L vini nan fason sa.

78 Men lè Li te vini, pou eksprime egzakteman jan Testaman an—an te di Li t ap eksprime a, alò tout sa yo ki te ka rachte te kwè Sa, paske se panse Bondye yo te ye. Yo te atribi Li depi nan kòmansman, ki te manifeste nan lachè, e ki te ka rachte, epi ki te tounen kote Bondye. “Men sa ki te resevwa L yo, Li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye,” paske yo te ka rachte. Depi nan kòmansman, yo te fè pati sa ki te eksprime yo.

79 Si nou te ka rete isi a yon moman, si sa te ka posib, e panse sou sa, aswè a, sou Mesaj pou lè a, ki se panse ke Jewova eksprime. “Depi anvan fondasyon lemonn,” yo di nou, “non nou te ekri nan Liv Lavi Ayo a.” Kifè nou ka wè toulède kote yo, jan mwen te di odebi a, poukisa youn parèt etranj pou lòt la. Li dwe konsa. Li te toujou konsa. Li te toujou konsa, e l ap toujou konsa. “Li te Pawòl la. E Pawòl la te fè L chè e Li te abite pami nou.”

80 Kounye a, Bondye, nan . . . lè nou retounen nan epòk Ansyen Testaman an, nou wè apre ke Li te parèt devan pèp Li, sou plizyè fòm diferan, Li te vwale pwòp tèt Li dèyè vye po blewo yo. Bondye te kache dèyè po blewo yo, sou syèj mizerikòd Li. Nou wè sa, ki jan ke Salomon, lè li te konsakre tanp Seyè a, epi po blewo sa yo te pandye la a, vwal la, ki jan Li te antre tankou Kolòn Dife a epi tankou yon Nwaj, e Li te ale la dèyè a, epi Li te vwale pwòp tèt Li, devan je lemonn ki deyò a. Men, ak lafwa, Izrayèl te konnen ke Li te kache la dèyè a. Yo te konnen ke Li te la a, kèlkeswa sa nenpòt nan peyi payen yo te gen pou di. Li te kache devan je enkwayan an. Men kwayan an, ak lafwa, te konnen Li te kache dèyè a la a. Yo te jwenn mizerikòd. E Li te chita sou syèj mizerikòd Li, se te yon gran sekre.

81 Nou konnen, nan Ansyen Testaman an, antre dèyè po sa a se te lanmò. Kounye a refize antre dèyè l se lanmò. Nan tan sa a, antre nan Glwa Li se te lanmò. Kounye a rete lwen Glwa Li se lanmò. Sa te rive, natirèlman, lè vwal la te dechire sou Kalvè a, lè vwal la te dechire a, ansyen vwal la. Kounye a rete lwen Prezans Li se lanmò. Nan tan sa a, antre nan Prezans Li se te lanmò. Ou wè? Sa chanje de tanzantan, e ou dwe jwenn pasaj nan Lèzekriti ki endike w nan ki jou na p viv.

82 Bon, lè vwal la te dechire sou Kalvè a, syèj mizerikòd la te ekspoze a klè. (Men kisa k te pase? Li te pandye sou Kalvè a, San t ap koule.) Jan yo te konn ofri san, ane apre ane, lè se te pirifikasyon sanktyè a epi arozay syèj mizerikòd la, kote, Bondye, avèk gwo kout zèklè pwisan Li, te dechire ansyen vwal po blewo a depi anwo jouk anba, e syèj mizerikòd la te ekspoze a klè.

<sup>83</sup> Veritab, otantik Ayo Bonbye a te pandye ekspoze a klè sou Kalvè a, ki te veritab Syèj Mizerikòd la, lè Bondye, Li menm, peye pri a; epi te vin youn lan nou, e L te manifeste Tèt Li tankou yon Nonm, pou L te abitye avèk nou, e pou nou te abitye avèk Li. Syèj Mizerikòd la te ekspoze a klè pou tout pèp Izrayèl la nan jou Ekspyasyon sa a.

<sup>84</sup> Men, elas, tradisyon pè fondatè legliz yo nan epòk sa a, akòz tradisyon yo, te vwale veritab Syèj Mizerikòd la pou moun yo. Si yo te konnen Lèzekriti, chak moso t ap vin kole tankou nan ka etikèt Chinwa yo. Pwofesi Ansyen Testaman an t ap akonpli, e li te akonpli. E si yo te anseye yo Lèzekriti, yo t ap wè Syèj Mizerikòd la. “Kòm Moyiz,” di la, ke, “jouk jodi a gen yon vwal sou figi yo. Li toujou sou kè yo ankò.” Yo pa wè L.

<sup>85</sup> Men, Li te Bondye, k ap soufri a epi Ekspyasyon an. Li te veritab Syèj Mizerikòd la ki te ekspoze devan a klè konplètman. Jan nou te chante kantik la:

Gade! Men Li ekspoze a klè,  
Men Li, pwisan Konkeran an,  
Depi Li te dechire vwal la an de a.

<sup>86</sup> Ou wè, Li te vin, Syèj Mizerikòd la, pandye la a klè pou kongregasyon an. Men yo menm, yo t ap swiv opinion popilè a . . .

<sup>87</sup> Kounye a, gason kon fanm, ak delege nan konvansyon sa a, mwen vle di sa san achte figi pèsòn. Men, ak sa n wè jodi a, akoz rezon poukisa nou isi jodi a, mwen krenn ke tradisyon pè fondatè yo, pè fondatè legliz yo, ta kache Sa devan je twòp moun. Piske Sentespri a te vini nan dènye jou sa yo, jan sa te pwofetize, e ke vwal la te dechire, twòp moun ap eseye akroche yo a tradisyon pè fondatè yo. E se poutèt sa yo pa ka wè jwa ekstrèm sa a, ak lapè, ak bagay sa yo ke Legliz posede jodi a. Poutan, Sa ekspoze byen a klè pou sa yo ki kwè.

Li kache Pawòl la, Pawòl ki te pwomèt pou jodi a.

<sup>88</sup> Kounye a, tradisyon yo fabrike yon vwal. Yo di ke jou mirak yo pase. Gen yon nonm ki te pale avè m, yon nonm de byen, kiltive nan Tucson, Arizona, kote m abite a. Mwen te gen yon reyinyon nan Ramada a. E nou t ap pale nan Konvansyon Òm Dafè yo kote Seyè Jezi a te manifeste prezans Li epi te fè gwo bagay. E mesye Kreyen janti sa a te vin bò kote m, epi li di . . . Yon minis ki nan legliz, yon nonm de byen, e li di: “Frè Branham, w ap eseye prezante bay moun yo yon aj apostolik,” li di, “e poutan aj apostolik la fini.”

<sup>89</sup> E mwen di: “M priye w angras, frè m, montre m kilè aj apostolik la te fini, nan Lèzekriti.” Mwen di: “Aj apostolik la te kòmanse nan Jou Pannkot la, e li . . . Pyè te di, nan Jou Pannkot la: ‘Pwomès la se pou nou, ak pitit nou yo, e pou sila yo ki byen lwen, menm pou tout moun Seyè Bondye nou an va rele.’ Kilè l te fini an? Si Bondye ap rele moun ankò, kifè aj apostolik la toujou ap kontinye.”

<sup>90</sup> E alò se la moun yo ap eseye rann avèg anpil moun, avèk tradisyon ansyen yo, jan l te konn ye lontan an. E nou pa arive wè poukisa moun yo sitèlman kontan epi sitèlman eksite. E—e si konvansyon sa yo tèlman etranj, ak bagay tèlman etranj, pou lòt moun, se paske yo wè ke yo travèse baryè sa yo. Yo franchi vwal sa yo, pou yo antre nan Prezans Bondye, kote yo wè pwomès manifeste pou tan an te vin manifeste devan je yo. Yo wè kisa Bondye te pwomèt.

<sup>91</sup> Nan Jowèl 2:28, Li pwomèt, ke: “Nan dènye jou sa yo gen yon lapli dènye sezon ki pral *devèse* sou pèp la, nan dènye jou yo.” Mwen kwè ke mo Grèk pou sa a se *kenos*, ki vle di Li te “devèse” pwòp tèt Li. Pa lan sans ke nou ta ka di, tankou yon bagay ki te anndan yon moun, ke Li vide l soti deyò. Men, Li te devèse pwòp tèt Li.

<sup>92</sup> Li transfòme; dapre *en morphe* Li a. Li—Li transfòme, de sa Li te ye a, a sa Li ye a. Li pa janm chanje nati Li. Men nan Jou Pannkot la, Li transfòme pwòp tèt Li pou pase de Fis de lòm lan, a Fis de Dye a. Li te vini, pa *avèk* moun yo. Li te vini *anndan* moun yo, ou wè, menm Bondye a, k ap kontinye ministè Li, nan gran aj sa a.

<sup>93</sup> Li te pwofetize nan Bib la, ke: “Gen yon jou ki gen pou vini kote li pap fè ni jou ni lannwit, men nan aswè Limyè a va parèt.” Kounye a, solèy la, dapre jewografi, leve nan lès, e li kouche nan lwès. Se menm solèy la, tout tan an. Kounye a, lè, le Fis, F-i-s [Frè Branham itilize toude mo sa yo “Son” e “Sun” ki pwononse menm jan. “Son” vle di “Fis” e “Sun” vle di “Solèy”.—Tradiktè a], revele pwòp tèt Li nan manifestasyon Pawòl ki te pwomèt la, bay Izrayèl la, moun nan Lès yo.

<sup>94</sup> Nou te pase yon jou nan tenèb. Nou te gen ase limyè nan epòk refòmasyon yo, elatriye, pou fè legliz ak denominasyon, epi vin jwenn yo epi asosye avèk yo; epi bo ti bebe yo, epi marye pi gran yo, epi antere mò yo yo, elatriye; epi viv nan legliz la.

<sup>95</sup> Men, nan tan aswè a, “Limyè a va parèt,” Li di: “nan tan aswè a.” E pa gen okenn Ekriti ki ka brize. E menm le F-i-s ki te devèse pwòp tèt Li a, *kenos*, nan Jou Pannkòt la, te pwomèt pou fè menm bagay la nan tan aswè a. Ou wè? Li konfòm ak pwomès la.

<sup>96</sup> Kole etikèt yo ansanm. Gade sa k ap pase, e gade sa Li te pwomèt, epi w a wè ki kote nou ye. Kole bagay yo ansanm. Ou ka wè devwalman Sila a ki gran e ki pwisan an. Tradisyon yo rann moun yo avèg, ankò, konsènan gwo bagay sa yo ki te pwofetize yo.

<sup>97</sup> Moyiz, lè li te desann sot nan mòn lan, ki te pran Dife a, ala yon bèl egzanzp!

<sup>98</sup> Moyiz te desann ale nan peyi Lejip epi li te di pè fondatè legliz yo ke Seyè Bondye a te vizite l nan Non “MWEN YE.” Non sa a nan tan prezan; pa “Mwen te; Mwen pral.” Men, “MWEN YE,” tout tan menm bagay la, menm moun lan ayè, jodi a, ak

pou tout tan. Li nan tan prezan. Li . . . Sa konfòm ak Ebre 13:8, “Jezikri se menm moun lan, ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

<sup>99</sup> Se toujou Pawòl ki te pwofetize a. E, kongregasyon an, ki te dwe akòde l ak Pawòl sa a, eksperyans pou jou sa a. Refòmateur yo te genyen l, o, men sa se yon lòt jou. Gade nan ki jou n ap viv. Menm jan Li pa t kapab vini, nan jou Li te vini sou tè a, nan—nan fason Moyiz te vini an, oswa nenpòt nan pwofèt yo te vini an; sa pat pwofetize. E nan dènye jou sa yo, sa te pwofetize pou l vini nan fason sa a. Li pa ka vini sou fòm revèy Luther a. Li pa ka vini sou fòm revèy Wesley a. Se yon lè pou restorasyon. Se tan ke li dwe retounen nan Limyè orijinèl Fis la, orijinèl la.

<sup>100</sup> O, konbyen nou te kab mete Lèzekriti nan plas yo la, sou sa! E nou menm teolojyen yo, ki pati nan mond lan nou soti, nou konnen ke Sa se vre. Se yon pwomès. Se sa ki fè moun yo sitèlman etranj. Se sa ki fè moun etranj sa yo, jan nou rele yo a. Se paske yo . . . se . . . Vwal la te louvri, soti nan tradisyon yo, epi yo wè Li. Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou wè? Se—se pwomès Bondye a, e nou pa ka lite kont sa, paske Lèzekriti pa ka brize. Wi. Nou wè ke Li te pwomèt sa. Li te devèse pwòp tèt Li nan pèp Li a. E Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

<sup>101</sup> Moyiz, apre li te fin desann nan peyi Lejip la epi li te deklare sa, alò Papa a te konfime mesaj li a, lè li te vini sou Mòn Sinayi a, nan menm Kolòn Dife a, e montay la tap pran Dife. Eske nou te remake sa? Moun lan Li te fè pwomès la, se li Li te mete devan ak Pawòl la. Li te gen òdonans yo. Epi pou l te gen òdonans sa a, li te dwe . . . Òdonans yo se te Pawòl la. Pawòl la pa t janm vin jwenn moun yo ankò. Ki donk, Pawòl la toujou vin jwenn pwofèt la, e li te pwofèt pou lè sa a.

<sup>102</sup> Tankou, Jezi te Pawòl la. Jan te yon pwofèt. E Jezi te vin jwenn li, nan dlo a, paske Pawòl la toujou vin jwenn pwofèt la, san fay. Ou wè? Pawòl la vin jwenn li.

<sup>103</sup> Alò, Moyiz, Pawòl la te vin jwenn li, òdonans yo. E, li te genyen yo. Kounye a, poukisa? Anvan Pawòl la te bay epi te manifeste, Moyiz te dwe vwale figi l, paske Pawòl la potko manifeste konplètman. Yo te konnen ke yon bagay te rive, men yo pat konnen kisa l te ye, te gen rijisman ak kout loraj. Jouk, yo di: “Kite se Moyiz ki pale, olye se Bondye.”

<sup>104</sup> E Bondye di: “Ebyen, M ap fè sa. Apati de jodi a, Mwen pap parèt menm jan an ankò. M ap voye yon pwofèt pou yo. Konsa li va . . . M va pale pa pwofèt Mwen an.”

<sup>105</sup> Kounye a, si Moyiz, ak lalwa natirèl la, (jan Pòl, nan 2 Korent isi a la, te revele nou), te dwe vwale figi l ak natirèl la, konbyen plis ke sa ki Espirityèl la ap pi glorie epi vwale pou enkwayan an anvan ke sa manifeste devan l! Konbyen fwa plis yo va rele . . . Moyiz te yon moun biza. Konbyen fwa plis yo va rele w, ou menm ki te pase atravè vwal la, ki te antre nan Kolòn Dife a, ki te soti

ak Benediksyon yo! E kounye a ou vwale. Moun yo pa ka wè l. Yo pa ka konprann Li.

<sup>106</sup> “Si sa k natirèl la te gloriye, konbyen fwa plis ankò sinatirèl la! Si sa k natirèl la, ki te gen pou l fini an, te oblije gloriye, konbyen fwa plis ankò Sa ki pa gen pou l fini an, va gloriye!”

<sup>107</sup> Men, malgre sa, Li vwale. Li pa vwale pou kwayan an, men pou enkwayan an. Li pa ka wè L. Bondye toujou vwale pwòp tèt Li pou enkwayan an. Tradisyon yo kache Li. Menm jan tradisyon te konn fè l lontan an, se sa li fè jodi a.

<sup>108</sup> Se yon vwal espiyèl ke nou genyen kounye a, nan plas vwal natirèl pase a. Pwofèt la konfime yo ak Pawòl ekri a, youn kap pwofetize, youn ki vini ak Pawòl ekri a, pou l rann Li klè.

<sup>109</sup> Yo te konnen Pawòl la te la a, men yo pa t konnen ki sa Li te vle di. E Moyiz te rann Li klè. Li di: “Kòmandman an di *Sa*, e men *poukisa*.” Li te rann Li klè. E anvan Sa te vinn klè, Li te vwale.

<sup>110</sup> E se konsa li ye, jodi a, vwale pou moun yo, jiskaske Li revele epi vin klè pou moun yo. Bondye, Bondye ki gen pouvwa a, te vwale nan yon kò imen, Pawòl la. Gade byen. Kounye a, nou wè ke Sa te kache pou enkwayan an, men revele pou kwayan an.

<sup>111</sup> Remake, Moyiz te dwe antre nan Kolòn Dife a, pou kont li. Pèsòn pat ka ale avè l. Sa pat . . . sa . . . Kisa sa di nou? Ou pa ka antre nan Sa lè w asosye w ak yon gwoup Pannkotis. Ou wè? Li pa janm revele L a yon gwoup. Li revele L a yon endividi. E se konsa li ye jodi a. Ou di: “Mwen fè pati yon—yon legliz. Mwen—mwen fè pati *sesi*.” Men, sa pap mache. Ou wè?

<sup>112</sup> Epi nenpòt moun ki te eseye swiv Moyiz, imite li, se te lanmò. E se konsa li ye jodi a, lanmò espiyèl, eseye imite. Se sa ke . . .

<sup>113</sup> Aswè a, n ap antre nan sa, gen nan mitan gwoup yo, dè imitasyon chanèl kap leve; moun kap eseye ajì jan Sa a, epi ap mennen yon vi diferan; li ka bwè, li ka fimen, fanm kap viv nenpòt . . . plis nenpòt jan yo vle, epi renmen lemonn, epi rete lakay yo pou gade televizyon, ak bagay ki nan lemonn, epi kan menm rele tèt yo Pannkotis. Y ap eseye imite yon otantik. Sa potko janm revele pou yo, ankò. Lè Li revele, se gloriye, e yon bagay retire sa soti nan ou lè ou antre La a. Ou vin yon vwal. Se . . . Sa jis pap ka mache. E imite Sa se te lanmò.

<sup>114</sup> Vwal Moyiz la; li te Pawòl vivan an pou pèp la. E jodi a, moun sa yo ki vwale yo se menm bagay la. “Yo se lèt ki ekri, ke tout moun li.” Pa yon *nouvo* lèt; men Lèt ki te ekri a, ki te manifeste a. Se—se sou moun ki kwè Pawòl la ak pwomès jounen jodi a, ke Bondye ap vide Lespri Li, sou tout chè, e se sa ki lèt ekri yo. E lè yon moun eseye imite sa chanèlman, l ap tounen kont li. Vi w montre sa ou ye.

<sup>115</sup> Yon lè te gen yon ti gason, li te tonbe nan kèk pwoblèm. Li te yon bon ti gason, men li—li te ale nan tribinal. E jij la di:

“Mwen jwenn ou koupab. Mwen oblije pini w pou w pase vi w nan prizon.”

116 Li di: “Mwen vle plede pwòp koz pa mwen.” Li di: “Mwen vle al fouye nan dosye pase m.”

117 Li di: “Ou pa gen okenn dosye. Dosye pase w se sa ki kondane w.”

118 E se konsa sa ye jodi a, se rezon ki fè legliz pa avanse jan li ta dwe. Se dosye a. Se vi a. Nou dwe vin pi konsakre. Nou dwe kwè chak Pawòl Bondye. Nou dwe chache jiskaske Pawòl sa a vin reyèl pou nou. Ou wè? Ou wè? Dosye a se sa ki anpeche nou antre.

119 Men, yon jou, (pou nou kite parantèz sa a), nan menm tribinal sa a, ti gason an pa t gen lajan. Li pa t kapab peye. Amann lan te depase plizyè milye dola. Men li te gen yon gran frè ki te vini e ki te peye l pou li.

120 Bon, nou gen yon gran Frè, Jezi, Fis de Dye a. E Li vin peye pou nou, si nou te ka jis kwè l epi antre nan vwal la avè L. Kòm si, Li se Moyiz nou. Jezi se Moyiz nou jodi a. Moyiz, vwale a, se te Pawòl vivan pou pèp la. Jodi a, Jezi, vwale a, se Pawòl vivan an pou pèp la, se, Jezi nan Legliz la. Sentespri a, Fis de Dye a nan pèp la, kap revele Pawòl la pa pwomès pou jodi a, sa rann Li jis menm bagay. Menm bagay kounye a.

121 E sonje, Moyiz te fè sa, e li te manifeste sa, pa pou tout moun, men pou pèp an egzòd la, jis yon sèl kategori moun, se te moun sa yo ki te soti nan egzòd- . . . nan egzòd la.

122 E jodi a, Sentespri a, nan figi moun ki di: “Gerizon Divin se pa vre.” Lè m t ap konsilte . . .

123 Yon doktè te rele m, lòt jou, pou yon ti dam, o, te gen kat oswa senk ka la, ki te kouche la a prèt pou mouri, yo te bayo kèlke èdtan, e Sentespri a te geri yo. Doktè a t ap kesyone sa. Li di: “Ki jan sa ka fèt? Enben,” li di, “mwen—mwen . . . Se pasyan mwen.”

124 Mwen di: “Se te sa. Men kounye a se pa Bondye. Li—li, se depandan Li kounye a.” Ou wè?

125 Alò ou wè dapre bagay sa a, se Bondye k ap rele yon egzòd, pou soti dèyè rido lachè a k ap eseye imite, k ap eseye asosye a legliz; pa Metodis, Batis, Presbyteryen, mete tout ansanm, men legliz Pannkotis yo. Se yon zafè endividyèl. Se ou menm ak Bondye. Ou dwe antre anndan, pa gwoup ou a, pa legliz ou a, pa pastè w la, men se ou ki dwe antre.

126 Mwen vle ou remake yon lòt karakteristik nan Moyiz, lè li soti. Poutan, antan ke yon pwofèt, antan ke yon gran pèsonaj pou sa li te ye a, lè li te soti ak Pawòl la, pèp la te wè ke li te chanje. Yon bagay te rive l. Lè l soti ak Pawòl ki konfime nan lè sa a, kòmandman yo, li te yon moun chanje.

127 Se konsa w va ye, lè ou va soti dèyè vwal imen sa a ki te ka ri yon reyinyon tankou sa a; nonm sa a ki te ka bite sou gerizon



Divin, epi ki di jou mirak yo pase. Ou soti dèyè vwal imen sa la a, vwal tradisyonèl sa, epi tout moun va konnen ke gen yon bagay ki te rive w.

<sup>128</sup> Tankou frè onorab nou an, Jim Brown. Mwen imajine pifò Presbyteryen yo konnen ke yon bagay te rive l, paske li—li soti dèyè yon vwal tradisyonèl. Li te wè yon bagay nan pèp la, ki te atire l, epi li te soti dèyè vwal la.

<sup>129</sup> Ebyen, ou menm, lè ou soti dèyè vwal la, ou pral parèt akèl pou moun yo lè sa a, pou yo ka wè yon bagay te rive w. Pawòl vwale a, pou enkwayan an, men byen a klè nèt pou kwayan an. “Jezikri se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

<sup>130</sup> Lè sa a, se te Bondye. Nan jou sa yo, se te Bondye nan yon Nonm, Pitit Li, Jezikri. Nou kwè sa. Se pa sèlman yon pwofèt, pa sèlman yon moun òdinè, yon imen òdinè. Se te Bondye nan Kris la; Bondye nan yon Nonm; plenitid Divinite a, fizikman nan yon Nonm. Bondye nan yon Nonm!

<sup>131</sup> Kounye a se Bondye nan lèzòm, plenitid Bondye a nan Divinite a, fizikman nan Legliz Li a nèt, k ap manifeste pwòp tèt Li, k ap akonpli Pawòl Li a.

<sup>132</sup> Kounye a nou wè, Bondye, nan tout laj yo, te gen po sou Li. Li, Bondye, te kache dèyè yon vwal.

<sup>133</sup> Sa jis raple m yon—yon ti istwa ki te rive anba nan Sid. E konsa, te gen yon fwaye Kreyen. E kifè, nan fwaye Kreyen sa a yo te kwè nan Bondye, e yo—yo te panse ke—ke Bondye pwoteje yo kont tout pwoblèm. E, kanta sa, Li fè l. E, yo te gen yon ti Junior, yon ti gason anviwon sèt oswa uit lane. E—e li te ale nan lekòl di dimanch e li te yon ti gason trè janti. Men, li te pè lè te gen tanpèt, espesyalman lè zèklè t ap flashe.

<sup>134</sup> E mwen te di yon moun sa, lòt jou, lè nouvèl sa a te soti sou nonm sa a ki te geri a. Menm minis sa te di: “Yo fè de ou yon bondye, Frè Branham.”

<sup>135</sup> Ebyen, kòm se te yon kritik, alò mwen te jis panse koupe sa sèk, jis tou dousman. Pa pou fè mal, ou konnen, men jis on jan . . . Mwen di: “Èske sa t ap voye twò lwen Lèzekriti, si se ta sa?” Ou wè? Mwen di: “Non, se pa sa,” mwen di, “paske Jezi te rele pwofèt yo ‘bondye.’” Ou wè? Se vre, ‘Bondye.’”

<sup>136</sup> E yo di: “Ebyen, nou menm moun sa yo n ap eseye pran plas Bondye.” Sa pa twò lwen verite a. Se egzakteman sa li ye. Se egzakteman sa. Bondye manifeste nan lachè, jis jan Li te pwomèt la.

<sup>137</sup> Ti fanmi sa a, nou te jwenn lan. Mwen te rakonte yo ti istwa sa a, ki fèk vin nan lide m kounye a. Sè ke, yon swa te gen yon tanpèt, epi manman Junior te di l, li di: “Kounye a, ou mèt monte anwo, pitit gason m, epi ale nan kabann ou.”

Li di: “Manman, mwen pè,” li di.

“Pa gen anyen ki pral fè w mal. Ou mèt monte al nan kabann ou.”

<sup>138</sup> Ti Junior te kouche la a, e zèklè t ap flache toupatou nan fenèt yo. E ti bonòm lan te vin sitèlman nève, li te mete tèt li anba dra a, e li te ka toujou tande zèklè a—a, oswa wè zèklè a k ap flache nan fenèt yo, epi—epi tande loraj yo k ap gwonde. Alò, li di: “Manman!”

Epi li di: “Kisa ou vle, Junior?”

Li di: “Monte vin isit la epi dòmi avè m.”

<sup>139</sup> Alò, li monte eskalye yo, tankou nenpòt bon, manman fidèl tap fè. E li te monte, epi li te pran ti Junior nan bra li. Epi li di: “Junior, manman vle pale avèk ou jis yon ti moman.”

Li di: “Dakò, manman.”

<sup>140</sup> Li di: “Kounye a, ou dwe mete sa nan tèt ou. N al legliz tout tan. Nou li Bib la. Nou priye. Nou se yon fanmi Kreyen. Nou kwè nan Bondye.” Epi li di: “Nou kwè ke, nan tanpèt ak kèlkeswa sa ki rive a, Bondye se pwoteksyon nou.”

<sup>141</sup> Li di: “Manman, mwen kwè chak ti zing nan bagay sa yo. Men,” li di, “lè zèklè sa a tou pre,” li di, “mwen—mwen vle yon Bondye ki gen po sou Li.”

<sup>142</sup> Konsa, mwen—mwen panse, se pa sèlman Junior, men nou tout nou santi nou fason sa a. Lè nou rasanble ansanm, lè nou priye youn pou lòt, se Bondye ak po sou Li a.

<sup>143</sup> E nou jwenn isi a ke Bondye te toujou gen po sou Li. Lè Moyiz te wè L, Li te gen po sou Li, Li te sanble ak yon Nonm. Lè Bondye te dèyè rido yo, Li te gen po sou Li. E Bondye, aswè a, nan Legliz Li, vwale nan Legliz Li ak po sou Li. Li se toujou menm Bondye a, aswè a. Nou wè sa.

<sup>144</sup> Men kounye a, kòm jamè, vwal po a se sa ki met men sou tradisyon yo. Yo jis pa ka kwè ke se Bondye ki fè moun yo ap aji jan sa. Ou wè? Se paske Bondye vwale nan Legliz Li, ak po, ak po sou Li. Se vre. Li kache pou enkwayan an, e revele pou kwayan an. Wi, mesye.

<sup>145</sup> Kounye a, lè vwal tradisyon yo a, tradisyon ansyen yo epi Pawòl la, degaje, o, natirèlman, jodi a, kifè li vin parèt a klè, nou wè Li, Divinite a ankò ki vwale nan lachè. Se sa Ebre 1 di.

<sup>146</sup> Epitou Jenèz 18. Raple ou, Bondye te yon Nonm, te kanpe la, ap manje, epi ap pale ak Abraham, e Li te di kisa Sarah t ap fè nan tant lan ki te dèyè Li.

<sup>147</sup> Epi Jezi di: “Tankou jan sa te ye nan jou Sodòm yo, se konsa sa ap ye nan Vini Fis de lòm lan.” Divinite vwale ankò nan yon kò imen! Kounye a, sonje, Jezi pa t di: “Lè Fis de Dye a ap revele.” Nan Lik chapit 17, mwen kwè, e anviwon vèsè 20, vèsè 21, apeprè bò la, Li di: “E lè Fis de lòm nan ap revele.” Fis de lòm nan, retounen nan—nan—nan Legliz ankò, revele nan èt imen; pa Fis

de Dye, men Fis de lòm nan ankò, ki retounen nan Legliz Li ankò, nan dènye jou yo. Nou wè ke Li te pwomèt sa nan pwomès Bondye yo.

148 Nou remake yon lòt bagay, nan Ansyen Testaman. Mwen gen Ekriti a isit la, nan Egzòd. Ke, se te vye po blewo yo, kisa sa te fè? Li te kache Glwa Bondye pou pèp la. Po blewo yo; menm moun pa t kapab wè Sa, paske se yon po ki te kache L. Po a te . . . Glwa Bondye te dèye po a.

149 E kounye a Glwa Bondye dèye po pa w. Se vre. E tradisyon yo pa wè Sa. Li anndan vwal la, kote Pawòl Li te ye.

150 Kisa ki te anndan po sa a lè sa a, vye po blewo sa yo?

151 Ki, “Pa t gen okenn bote nou te ka swete nan Li. E lè Li te fè L chè epi rete nan mitan nou, Li te toujou pat gen okenn bote nou te ka swete nan Li.”

152 E kounye a se menm bagay la jodi a. Pa gen anyen nan yon gason oswa nan yon fanm, ke nou dezire. Se sa ki kache dèye l la. Se sa li ye a. “Ebyen,” ou di, “tip sa a, mwen konnen se yon tafyatè li te abitye ye. Li te abitye fè *sesi*.” Mwen pa fè ka de sa li te konn abitye fè. Sa ki kache dèye po sa a? Sa ki dèye a la a, se sa ki konte. Se poutèt sa, moun yo avèg. Po a avegle moun yo. Ou wè? Yo di: “Mwen sonje lè fanm sa a te konn abitye.” Mwen konnen sa li te konn abitye fè, men e kounye a? Ou wè?

153 Po sa yo, yon fwa ki te sou blewo a, men kounye a li kache Glwa Bondye, kenbe L fèmen dèye li. Li te sou yon bèt, men kounye a li kontni Glwa Bondye.

154 E se menm jan an po w kapab chanje, aswè a, pou l vin tounen yon kay pou Bondye, Bondye ki abite anndan limanite.

155 Gade. Vye po blewo yo, nou wè, dèye yo se te . . . Anndan la a se te Pawòl la. E, Pawòl la, te genyen tou pen pwopozisyon an. Lach la te aspèje. E se te kisa? Glwa Chekina a te anndan l.

156 Kounye a, Pawòl la se yon Semans, e Li pa ka pouse jiskaske Che- . . . Fis la frape Li. Fis la te dwe briye sou Semans lan, pou li fè Li pote, pou li fè Li pwodwi. E se sèl fason an. Pran Pawòl la, ou wè, pran Pawòl Bondye a nan kè w, epi mache antre nan Glwa Chekina a. E lè w ou fè sa, Li va pwodwi pen pwopozisyon, Laman, ki te bay sèlman pou yon pèp ki separe. Sèl yo ki ka manje l, ki gen pèmasyon pou manje l, se jis moun sa yo ki gen pèmasyon an e ki konnen Li. Paul te di isit la: “Chanje de Glwa an Glwa.” Ou wè, finalman, Li te vini jouk Li te retounen nan Glwa orijinèl Li.

157 Se jis tankou yon semans yon jou maten plen ak glwa. Semans yon flè, ki al nan tè. Semans mayi al nan tè. Ki premye bagay ki parèt? Li jème, epi li fè yon ti boujon. Epi, li pouse yon bab mayi. Epi, li pase de bab mayi, pou l vin tounen grenn mayi kòmansman an ankò.

158 Ebyen, se egzakteman sa ke Legliz te fè. Li soti nan Luther, Wesley, e kounye a pou retounen tankou Grenn kòmansman an, pou retounen ak Glwa nan kòmansman Li an, pou retounen ak Glwa Li te genyen nan kòmansman an. Fis ki te leve nan Lès la, se menm Fis sa ki ap manifeste menm bagay la nan Lwès la, ap transfòme de Glwa an Glwa. Apati de payen yo Li te chanje, desann nan Luther; epi de Luther, desann nan Wesley; soti nan Wesley, tonbe nan Pannkòt; ap kontinye ale, ap transfòme de Glwa an Glwa, pou pwodwi Laman kache a.

159 E kounye a Li mi, pou mennen L tounen egzakteman jan Li te ye nan kòmansman an, menm ministè Li a; menm Jezi a, menm pwisans lan, menm Sentespri a. Menm Moun ki te desann Jou Pannkòt la, se menm Sentespri ki manifeste jodi a, de Glwa an Glwa, an Glwa. E Li retounen vin Semans orijinèl la, avèk batèm Sentespri a; ak menm siy yo, menm bèl mèvèy yo, menm batèm lan; menm kalite moun yo, k ap aji menm jan an, avèk menm pwisans lan, menm sansasyon an. Se de Glwa an Glwa. E pwochen bagay la se pral, “Pase de Glwa sa a, nan yon kò tankou kò gloriye Pa L la, kote nou va wè Li.” Abraham te wè menm bagay la.

160 Kounye a, remake. Nou wè ki jan li te chanje. Depi Kalvè a, nou resewva envitasyon pou n pataje Glwa Li. Kounye a, nan Premye Korent 12: “Nou batize nan Kò Li. Ak yon sèl Lespri, nou tout nou batize.” Pa ak yon sèl “dlo.” “Yon sèl Lespri, nou tout nou batize.” Se vre, bon, e se lè sa nou vin fè pati de Li.

161 Mwen espere ke mwen pa kenbe nou twò lontan. [Kongregasyon an di: “Non.”—Èditè a] Ou wè? Mwen espere mwen pa fè sa.

162 Men, se jis tankou yon gran senfoni k ap jwe, oswa yon pyès teyat k ap jwe.

163 Mwen pa konnen twòp bagay sou zafè senfoni oswa pyès teyat. Men mwen t ap gade pyès sa ap jwe. . . Mwen t ap pale de *Kamèn*, lè pitit fi mwen an t ap jwe ladann avèk yo. E yo—e yo t ap jwe senfoni sa a, nan *Kamèn*. Yo t ap jwe. Mizik la t ap—t ap—t ap jwe menm bagay la.

164 Se konsa sa ye lè ou batize ak Sentespri, nan Kris.

165 Kounye a, ou wè, anpil nan nou li oswa tandè istwa gwo konpozitè Larisi a ki konpoze *Pyè Ak Lou An*. E ki jan li, yo jwe sa ak senbal epi tout bagay. E nenpòt ki moun ki konnen istwa a, ki te fè lekti li sou papye, e ki ka tandè senfoni sa a, jan sa te jwe, pyès teyat la, jan li te jwe a, ebyen, yo konnen chak chanjman. Yo ka gade l *isit* la, epi wè chanjman an.

166 Men, kounye a, kisa k rive si—si konpozitè a ekri yon bagay, e nou dekouvri ke yo pat jwe l kòm sadwatèt? Nou wè la a ke gen yon bagay ki pase. Gen yon bagay ki manke, lè nou wè yo. Sila ki te konpoze l la te fè l, e li te ekri l, epi senfoni ki t ap jwe a,

frape yon move nòt. Gen yon bagay ki pa mache. Mayestwo a te bay yon fo mouvman. Ou wè?

<sup>167</sup> E se sa ki pwoblèm nan jounen jodi a, frè Literyen mwen yo, frè Batis mwen yo, frè Pannkotis mwen yo. Tout frè m yo nan tout diferan denominasyon yo, se sa ke l ye. Ou wè? N ap eseye frape yon nòt ki te jwe nan tan Luther, Wesley, konsa, alòske, an reyalye, Fèy mizik la isi a montre ke se yon lòt jou. Ou wè? Ou wè? Ou wè? Nou pa ka viv nan limyè Luther; li te yon refòmateur. Nou apresye pati pa li—li a, men nou fin jwe sa a. Nou deja rive byen lwen *isi* a nan fen Liv la kounye a. Ou wè? Nou pa ka—nou pa ka jwe L konsa.

<sup>168</sup> Kounye a, sèl fason ke n ap kapab arive fè l, frè m yo, se sa a. E frè m yo nan mond lan, nan diferan kote nan mond lan, mwen ta ka di, gen yon sèl fason pou ke—pou ke mayestwo sa a fè l. Li dwe antre nan menm Lespri ke Konpozitè a te ye a, epi l ap genyen L. E lè Legliz, Senfoni an Li menm, kote mond lan ap siveye siy sa yo ak bèl mèvèy sa yo; lè Legliz, ak Konpozitè a, ak mayestwo a, yo tout antre nan Lespri Konpozitè a.

<sup>169</sup> Epi lè yo di: “Jou mirak yo pase,” li pa frape bon nòt la.

<sup>170</sup> Men lè l ale nan menm sans avè L, ak vrè Lespri a avè L; ki jan ou pral fè l tan ke Lespri ki sot nan Konpozitè a pa desann? Amèn. Epi lè ou di: “Jou mirak yo pa janm pase,” Senfoni an kriye: “Amèn!” Lè nou frape, nou di: “Jezikri se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” Senfoni an kriye: “Amèn!” “Ou pral resevwa pwisans apre ke Sentespri a fin vini sou ou.” Senfoni an kriye: “Amèn! Mwen resevwa L!” Pa gen okenn devinèt sou sa lè konsa. Senfoni an antye an amoni ak Pawòl la. Li pral . . . [Frè Branham frape men l yo ansanm twa fwa—Editè a] Se sa. O! Se yon bagay mayifik. Mayestwo a ak Konpozitè a dwe nan menm Lespri a. E se konsa mizisyen yo dwe nan menm Lespri a, pou yo tout ka byen jwe L. E mond lan va mande sa k ap pase.

<sup>171</sup> Kominis lan ke y ap pale a, e ki rann mwen malad la, ak tout zafè entegrasyon sa ak tout lòt bagay, ak segregasyon an. O, gras lamizèrikòd! Ala de bagay, tout istwa san sans sa yo, alòske Vini Seyè a pwòch, gen yon nòt ki sonnen fo. Mwen pè ke mayestwo a te resevwa . . . Mayestwo yo soti nan Lespri Konpozitè a.

<sup>172</sup> Lè nou jwenn Lespri Konpozitè sa a, pouvwa orijinèl Bondye a ke Bib la te di: “Moun ansyen tan yo te pouse pa Sentespri a pou ekri Bib sa a,” ou pral wè de moso papye Chinwa sa yo ap vin jwenn ansanm, menm jan tankou Bib Bondye a ak yon kwayan ap vin jwenn ansanm, paske yo tou de nan menm Lespri. Yo tou de se menm bagay. Yo antre egzaktman youn nan lòt ansanm. Sa nou bezwen jodi a se mayestwo yo, se vre, k ap retounen drèt nan Pawòl la, k ap retounen kwè Li jis jan Li te di a. Epi w a wè Bondye a, Li menm. Se sa ki devwalman an. Pyès teyat la vin reyèl.

173 Jodi a, yo di: “Ebyen, Li se yon Bondye istwa. Nou konnen Li travèse Lanmè Wouj la. Li te fè tout sa. E Li te—te nan founo dife a, ak ti mesye Ebre yo.” Kisa sa itil yon Bondye istwa, pa vre, si Li pa menm bagay la jodi a? Lòm toujou ap glorifye Bondye pou sa Li te konn fè, ap panse a sa Li pral fè, e inyore sa L ap fè. Se jis konsa li ye nan lòm pou l fè sa. E se menm bagay la jodi a, frè m yo. Se menm bagay la menm. O, la la!

174 Ann retounen epi ann fè Senfoni an jwe kòm sadwatèt, pou sa yo ki nan mond lan ka wè. Jezi di: “Lè y a leve m anlè sou tè a, mwen gen pou m rale tout moun vin jwenn Mwen.” Epi: “Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

175 Se pou mayestwo yo antre nan bon Lespri a, ak mizisyen yo epi ak Konpozitè a, tout bagay ap vin trè byen. Lè sa a nou, pap bezwen devine sou sa, nou idantifye avè L lè sa a. Ebre 13:8 di: “Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

176 Nou idantifye avèk Li nan Ak 2. Nou idantifye avèk yo, ak menm batèm lan, menm bagay. Tout sa Li te ye ayè ak tout sa Li ye jodi a, tout sa L te ye e tout sa L ye, se sa nou ye. Se sa egzaktman.

177 Se jis tankou si mwen vle yon vrè Ameriken, mwen dwe idantifye ak tout bagay li te ye, tout bagay li ye. Mwen dwe idantifye ak sa, si mwen se yon vrè Ameriken.

178 Si mwen se yon vrè Ameriken, alò mwen te ateri Plymouth Rock. Amèn. Mwen te fè sa, si mwen se yon Ameriken. Ou menm tou; ou te ateri Plymouth Rock ak pè fondatè peleren yo. Nan Plymouth Rock, lè yo te ateri la a, mwen te avèk yo; ou menm tou, tout moun.

179 Mwen te fè pakou a ak Paul Revere, drèt sou wout la, pou m te avèti l kont danje. Se egzaktman laverite.

180 Drèt isi a la nan Valley Forge, mwen te travèse Delaware glase a, ak yon pakèt sòlda ki, mwatye nan yo, pa t gen soulye nan pye yo. Mwen te priye tout lannwit avèk George Washington, anvan sa. Mwen te travèse Delaware avèk yon vizyon nan kè mwen. Nou se Ameriken. Wi, mesye. Nan Valley Forge, mwen te fè sa sèten.

181 Mwen te bay remèsiman avèk pè fondatè yo jou premye Aksyongras la. Mwen te remèsye Bondye. Si mwen se yon vrè Ameriken, mwen te idantifye la a bò tab sa a.

182 Si mwen se yon vrè Ameriken, mwen te idantifye lè mwen te kanpe ak Stonewall Jackson.

183 Si mwen se yon vrè Ameriken, mwen te idantifye nan Boston Tea Party a, wi, mesye, lè nou te refize bagay yo disparèt devan je nou la a. Ebyen, mwen se yon vrè Ameriken. Mwen te idantifye la a ak bagay sa. Wi, mesye. O, la la!

184 Mwen te sonnen Klòch Libète a, premye 4 jiyè a, nan lane 1776. Mwen te sonnen Klòch Libète a isit la e mwen te deklare ke nou endepandan. Pou m yon vrè Ameriken, mwen te dwe fè l.

185 Mwen te idantifye ak wont li nan Revolisyon an, lè frè te goumen ak frè. Mwen dwe pote wont li, menm jan mwen dwe pote glwa li. Si mwen se yon Ameriken, mwen dwe fè sa. Mwen te idantifye avè l. Wi, mesye.

186 Mwen te idantifye nan Gettysburg anba a la, lè Lincoln te fè diskou li a. Wi, mesye.

187 Mwen te sou Wake Island, pami kò sòlda sa yo ki te blese yo. Mwen te leve sou Wake Island.

Nan Guam, mwen te ede yo monte drapo sa a.

188 Mwen se yon vrè Ameriken. Amèn. Tout sa li ye, se sa mwen ye, e mwen fyè de sa. Wi, tout bon. Tout sa Amerik te ye, tout sa li ye, se sa mwen toujou ye, antan ke yon Ameriken. Tout sa li te ye, mwen dwe sa, paske mwen idantifye avè l.

189 Se menm bagay la, lè w se yon vrè Kreyen, ou dwe idantifye ak li.

190 Mwen te preche avèk Moyiz, ak avè- . . . oswa avèk Noe, e mwen te avèti pèp la ke gen yon jijman ki pral vini; antan ke yon vrè Kreyen.

191 Mwen te avèk Moyiz nan bwison dife a. Mwen te wè Kolòn Dife a. Mwen te wè Glwa Li. Mwen te avèk Moyiz anwo a la nan dezè a, antan ke Kreyen. Mwen dwe idantifye ak tout bagay ke Bondye te ye, antan ke Kreyen. Mwen te wè glwa Li. Mwen te tandè Vwa Li. Pa eseye retire sa de mwen kounye a, paske mwen te la. Mwen konnen sa m ap pale a. Mwen wè sa k te pase. Wi, mesye.

192 Mwen te nan Lanmè Wouj la, lè mwen te wè Lespri Bondye a bouje desann epi separe dlo a yon bò; pa atravè yon pakèt wozo, jan y ap eseye di jodi a, men nan yon lanmè katrevendi pye wotè. Mwen te wè Lespri Bondye. Mwen te mache avèk Moyiz nan tè sèk sa a, atravè Lanmè Wouj sa.

193 Mwen te kanpe sou Mòn Sinayi a e mwen te wè loraj ak zèklè ki t ap tonbe. Mwen te manje Laman avèk yo la a. Mwen te bwè nan Wòch sa a. M ap fè sa ankò aswè a. Mwen te idantifye ak manjè Laman yo. Mwen te idantifye ak sa yo ki te bwè nan Wòch la.

194 Mwen te idantifye tou lè Jozye te sonnen yon twonpèt, e miray Jeriko yo te tonbe.

Mwen te nan fòs lyon an ak Danyèl.

Mwen te nan founo dife a ak ti mesye Ebre yo.

Mwen te sou Mòn . . . ak Eli sou Mòn Kamèl.

195 Mwen te avèk Jan Batis, e devan sa yo ki t ap kritike. Mwen te wè Lespri Bondye a desann. Mwen te tandè Vwa Bondye ki di:

“Sa a se Pitit byeneme M lan Sila Mwen kontan rete nan Li a.”  
Wi, mesye. Se sèten mwen te idantifye avè l. Se egzakteman sa.

<sup>196</sup> Mwen te idantifye mwen devan kavo Laza a, lè Li te resisite Laza. Mwen te idantifye, avèk fanm bò pwi a, lè Li te di l peche l yo. Wi, mesye.

<sup>197</sup> Mwen te idantifye sèten avèk Li nan lanmò L. E mwen te idantifye ak premye Pak la. Mwen te resisite avèk Li nan lanmò. Mwen idantifye avè L nan lanmò L.

<sup>198</sup> Mwen te avèk sanven yo, nan chanmòt la. Mwen te idantifye la a avèk yo. Ey! Mwen—mwen santi m velijye. O la la! Mwen te idantifye la a. Mwen se youn nan yo. Mwen te idantifye. Mwen te fè menm eksperyans yo te fè a. Mwen te la lè sa te rive, antan ke yon vrè Kreyen. Mwen te temwen lè Van pwisan ki t ap soufle a te vini. Mwen te temwen de sa. Mwen te santi pwisans Bondye antan Li t ap tranble a. Mwen te avèk sa yo ki te pale an lang yo. Mwen te santi onksyon an te vini la a. Mwen te avèk yo. Mwen te idantifye avèk yo lè Sentespri a kòmanse pale an lang, avèk yo.

<sup>199</sup> Mwen te avèk Pyè, devan kritikè yo nan Ak 2, lè li te preche gwo prèch li te fè a. Mwen te idantifye avè l. Wi, mesye.

<sup>200</sup> Nan Ak 4, lè yo te reyini ansanm, mwen te avèk yo lè bilding lan te tranble a. Apre reyinyon priyè a, bilding kote yo te chita a te tranble. Mwen te idantifye la a avèk yo.

Mwen te preche avèk Pòl nan Ayewopaj la. Wi, mesye.

<sup>201</sup> Mwen te avèk Jan sou Il Patmos la, e mwen te wè dezyèm Vini Li an.

Mwen te avèk Luther nan refòm lan.

<sup>202</sup> Mwen te avèk Wesley, ki te make ak tij fè dife wouj sa a; ke yo te pran soti nan dife, lè gwo revòlt kont legliz Anglikann lan. Mwen te la avè l.

<sup>203</sup> E men mwen isit la aswè a, an 1964, nan Filadèlfi, Pennsilvani, idantifye ak menm kalite gwoup la, ak menm kalite eksperyans lan. Mwen oblije, antan ke Kreyen. Mwen dwe rete idantifye kote Pawòl Bondye a manifeste. Mwen idantifye ak yon gwoup ki santi Lespri Bondye.

<sup>204</sup> Mwen idantifye ak yon gwoup ki konnen Li devwale, ki konnen Li se menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, ki konnen ke Sa se pa fanatis. “Se Jezikri menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Mwen idantifye ak gwoup sa a isit la, aswè a. Malgretou, yo rele yo yon bann eretik, ak yon bann fanatik, akòz Pawòl Bondye a. Men, “Mwen pa wont Levanjil Jezikri a, paske Se pwisans Bondye pou delivre,” e mwen se youn. Mwen fè pati sila yo ki se epit vivan mwen te pale nou yo, ki konfime, Bondye vwale nan yon fòm imen, nan gason ak fanm. O!

<sup>205</sup> Bondye nan *en morphe* Li ankò, ki devwale pwòp tèt Li epi fè pèp Li a konnen L Li menm. Gran Wa a Ki te mete Glwa Li



de kote. “Men nan yon ti tan ankò mond lan pap wè M ankò. M ap vwale pou yo. Men nou menm n ap wè M, paske M ap avèk nou, menm nan nou, sou tout wout la jouk nan fen, ap transfòm soti nan Luther tonbe nan Wesley, pou kontinye ankò e ankò, de Glwa an Glwa. Mwen se toujou menm Bondye ki te vivan, e ki pral tounen nan Glwa orijinal la.” Alelouya!

206 Li te brize tout vwal denominasyonèl, chak baryè son. Son sa ki di: “O, sa a se fanatis,” Li te pase drèt atravè sa. Son sa a ki soti la a, ki di: “O, moun sa yo fou,” Li te pase drèt atravè vwal sa a. Wi, Li te fè sa. “O, nou pa ka fè l. Nou pa anyen ke yon pakèt fanatik.” Li te pase drèt atravè sa. “Pa gen jan de bagay sa ki rele gerizon Divin lan.” Li te pase drèt atravè sa, o la la, men Pawòl Li te di ke Li t ap fè l. Ou pa ka venk Pawòl Bondye a.

207 E men Li la kanpe, ankò, aswè a, pwisan Venkè a, depi lè Li te brize tout vwal Metodis, Batis, Presbyteryen, tout lòt kalite vwal. Li toujou kanpe nan mitan pèp Li a, aswè a, chape anba tradisyon yo. Moun yo mèt di sa yo vle, fè sa yo vle, tout sa yo vle. Bondye vini, Li pase drèt atravè baryè son sa a.

208 E sonje, yo di m, lè yon avyon reyèlman brize baryè son sa a, pa gen limit vitès pou li.

209 Mwen di ou, lè ou brize baryè tradisyonèl sa a, ke “Jezi se bagay lontan lontan, e Li pa pou kounye a,” lè ou wè ke Li se menm moun lan ayè, jodi a ak pou tout tan an, pa gen limit nan sa Bondye kapab fè drèt isit a nan konvansyon sa a, epi montre mond lan kisa yo bezwen: pa jis yon ekspozisyon mondyal, men yon revèy mondyal ki pral ranpli epi batize ak Prezans Bondye vivan an, *en morphe* k ap vwale pwòp tèt Li nan chè yon imen. Alelouya! Mwen kwè sa.

210 Ap brize chak baryè, chak vwal, chak vwal! Pa gen anyen ki kapab kache Prezans Li. Lè moun yo gen yon dezi nan kè yo, gen yon vwal ki prè pou yo brize l. Ou ka jis depann de sa. Li dechire tout vwal, ak gran Sentespri L la!

211 E men Li kanpe, aswè a, pwisan Venkè a, menm moun lan ayè, jodi a ak pou tout tan; k ap geri malad la, batize kwayan yo, menm jan Li te toujou konn fè l. Li se pwisan Venkè a. Demon deja kondane yo pran kouri. Wi, mesye. Yo toujou fè sa, lè Li nan alantou a.

212 Pou fini, mwen ka di sa. Te gen yon . . . Li yon istwa, anpil ane de sa, sou yon vye jwè vyolon. Li te gen yon vye vyolon ke yo te pral vann. Ou te tandè istwa a, anpil fwa. E yo te vle vann li pou yon ti kichoy. E mèt ankan an te di: “Ki moun ki pral ban m *tan e tan?*” Mwen kwè ke yo te ofri li kèk pyès monnen, petèt senkant kòb, oswa yon bagay konsa. “Sa te di yon fwa, sa te di de fwa, . . .”

213 Toudenkou, yon nonm te leve kanpe dèyè a. Li te di: “Jis yon minit.” E, li te mache, e li te pran l. Ann panse ke li te jwe sa a:

Genyen yon sous tou plen ak San,  
 Se San Jezikri,  
 Pechè yo ki benyen ladann,  
 Soti san tach e pi.

214 Epi lè li te depoze l, pa t gen yon grenn je ki te sèk nan plas la. Lè sa li di: “Kisa w ofri?”

215 Youn te di: “Senk mil.” “Di mil.” Li pat gen pri. Poukisa? Vye mèt vyolon an—an te revele vrè kalite l.

216 O, frè, sè, kounye a kite Mèt Pawòl sa a, Ki te ekri Li, gran Sentespri a, bande kòd ak Li avèk lanmou, epi ap rale l ap pwomennen nan kè w.

Genyen yon sous tou plen ak San,  
 Se San Jezikri.

217 Ou va dekouvri tout valè l, epi w a wè Bondye ki devwale a vini a klè. Pou sa a, Li jis se menm bagay la tankou Li te ye lè Li te tonbe nan Jou Pannkòt la, sou moun yo, lè Li te *kenosze* tèt Li, “vide” drèt ladan L. Se vre.

218 Ou di: “Frè Branham, mwen eseye. Mwen eseye. Mwen fè *sesi, sela, se lòt bò.*”

219 Yon jou mwen te gen yon reyinyon nan Carlsbad, New Mexico. E nou te desann nan gwo vye gwòt chovsouri sa a laba a. E sa te gen aparans ki bay laperèz, e nou te desann la a. E nonm lan—lan, lè li te desann la a kote sa a, li—li te fèmen limyè yo. E, o la la, ou ka imagine ki jan li te fè nwa. Se jis. . . Li te sitèlman fè nwa ke ou te ka touche l.

220 E se jis prèske konsa tan yo ap vini, lè nou wè legliz la ki fayi pou l rekonèt Pawòl Bondye a; lè nou wè pitit fi Siyon nou yo ap fè sa y ap fè yo; lè nou wè frè nou yo k ap fimen ak bwè, epi—epi k ap bay vye blag sal ak lòt bagay sa yo, epi ki ap eseye kenbe ankò konfesyon yo nan Kris la. O la la, li fè nwa. Se tenèb nèt.

221 Nou wè siy Vini Li an. Pral gen. . . Li toujou pi fè nwa jis anvan l fè jou. Lè sa Etwal Maten an soti pou l salye jou a, epi anonse l, epi montre ke l ap vini. Remake.

222 La a, lè yo te fèmen bagay sa, te gen yon ti fi ki te jis rele ak tout vwa li. Te gen yon ti gason ki te kanpe bò kot gid la, e li te wè lè gid la te fèmen limyè yo konsa. E ti sè sa a te jis prèske fè yon kriz. Li t ap rele, sote ponpe monte desann. “O! Kisa k pral rive apre? Ki pwoblèm? Ki pwoblèm?”

223 Ou konn sa li te di l byen fò? Li te di: “Pa pè, ti sè. Genyen yon nonm isit la ki ka limen limyè yo.”

224 Koute, ti sè, ou ta ka panse ke nou piti e nou an minorite. Men, ou pa bezwen pè. Gen yon Nonm isit la Ki ka limen Limyè yo. Se Sentespri a. Ou kwè sa?

225 Annou bese tèt nou jis yon ti moman. Mwen ekskize m poutèt mwen te kenbe nou.

226 O gran Bondye ki nan Syèl la, devwale W Ou menm, revele W Ou menm, fè yo konnen W Ou menm, gran Wa de Glwa, pran ti egzanp sa yo, aswè a, e kite yo tonbe nan kè moun yo. E pèmèt ke nou ka wè Sila a Ki devwale a, Sila a Ki te desann e Ki te dechire vwal tanp lan; epi Ki te jis soti kite vwal sa a, pou retounen touswit desann ankò nan vwal imen, Jou Lapannkòt la; ki te toujou rete menm lan, ap transfòmè de Glwa an Glwa.

227 Kounye a nou retounen vin menm jan tankou tout lanati, n ap aji, n ap retounen drèt a Semans orijinèl la, drèt soti nan yon aj legliz tonbe nan yon lòt. E nan dènye aj sa a isi a la, men nou, ki retounen drèt a Bagay orijinèl la ki te tonbe nan Jou Pannkòt la, pou akonpli chak Ekriti: “Limyè nan tan aswè a,” epi, “Zèv ke Mwen fè yo nou va fè yo tou,” ak anpil bagay ke Ou te pwomèt nan Pawòl Ou.

228 Papa, si gen yon sèl isit la ki poko janm pase atravè vwal sa a, oswa si gen yon sèl isit la ki jis ap imite yon moun ki te pase atravè vwal la, fè gras aswè a, Papa. Ke yo ka wè pwisan Venkè sa ki kanpe isit la, ranpli ak gras ak pwisans, pou padonnen. Fè sa, Papa.

229 E pandan ke tèt nou bese, èske ta gen kèk konsa isit la? Konbyen, mwen ta ka di, ki ta ka di: “Frè Branham, mwen leve men mwen. Priye pou mwen”? Jis kontinye bese tèt ou, epi leve men w: “Mwen vle brize chak vwal, jouk tan mwen ka reyèlman wè Venkè a.” Bondye beni w. O la la, pou men yo! Anwo nan balkon yo, sou bò dwat la? Bondye beni w. Nan balkon an sou dèyè? Leve. . . Bondye beni w. Se pou w vrèman onèt. Sou bò gòch la? Leve men ou, di: “Frè Branham, mwen te ka yon Kreyen pandan plizyè ane, men, reyèlman, mwen pa janm soti kite vwal sa a. Mwen pa janm reyèlman fè sa. Mwen poko resevwa Sa yo te genyen nan tan lontan an.” Jodi a, sa nou genyen. . . “Mwen se yon plant ki leve nan yon sèr.”

230 Pran yon flè ki pouse nan yon sèr, ou dwe kajole l, dòlote l, flite l, awoze l. Men, plant orijinal sa a ki pouse deyò a la a nan dezè a, menm kalite flè a, ki sanble avè l; li pa jwenn yon ti tak dlo, men pa gen okenn moustik ki ka vin sou li. Li wobis. Li reyèl.

231 Èske ou ka konpare Kreyente ak Kreyente jodi a, ak sa li te ye nan epòk lontan an? Èske ou ka imajine gwoup sa a, ke nou rele Kreyen jodi a, atravè mond lan, pou yo ta tankou sa yo ki te vini apre Pannkòt la; ke y ap ponponnen epi flate, epi se soti nan yon legliz tonbe nan yon lòt, e, di yon bagay ou pa renmen, ou leve epi ou mache soti? E, o, èske ou ka imajine sa? Non. Ki pwoblèm? Se yon repwodiksyon.

232 Mikèlanj, ki te kreye moniman Moyiz la, ou ka jwenn yon repwodiksyon konsa, trè bon mache. Men, orijinal la?

233 Moun ki te fè tablo Soupe Seyè a, mwen devine ke penti orijinal sa ka koute dè milyon de dola, si ou ta ka menm achte li. Mwen pa menm konn ki kote l ye. Men ou ka

achte yon repwodiksyon bon mache de li pou apeprè yon dola katrevendizuit santim. Ou kapab.

<sup>234</sup> E se konsa sa ye jodi a. Yon Kreyen bon mache, yon repwodiksyon, jis yon manm legliz, ou ka achte yo pou yon sigarèt oswa yon—oswa yon bwason òdinè. Oswa, pou yon fanm ki gen cheve koupe oswa ki pentire bouch li, ou ka achte l pou nenpòt nan mòd sa yo ki nan mond lan. Men ou pa ka manyen sa ki otantik la.

<sup>235</sup> Mwen wè Li a klè, menm moun lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

<sup>236</sup> O, Kreyen, ou pa ta renmen yon Kreyen reyèl? Si gen nenpòt ki pat leve men yo, èske w vle fè sa? Ebyen, mwen jis pral priye. Bondye beni w. Bondye beni w. O, sa senpleman byen. Jis gade sa.

<sup>237</sup> Papa nou ki nan Syèl la: “Pawòl Ou pap retounen vin jwenn Ou vid.” Ou se Sila ki te fè pwomès la. Mwen sèlman responsab pou m di ke se Ou ki di Li. Mwen jis ap repete Pawòl Ou yo. Ou di: “Moun ki tandè Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi Etènèl.” Ou te pwomèt li.

<sup>238</sup> E, Seyè, nou konnen nou genyen repwodiksyon sa yo jodi a, anpil ki di ke yo kwè, alòke, yo pa kwè. Se yon bagay ki klè. Men, Seyè, gen kèk ki otantik, tou.

<sup>239</sup> Mwen priye ke Ou pral jis fè, isit la, aswè a, ke chak gason ak fanm, ti gason oswa ti fi, nasyon kote yo soti a pa gen enpòtans, nenpòt koulè yo ye, nenpòt legliz kote yo mache, O Bondye, ranpli yo. Ke yo wè manifestasyon reyèl de menm Jezi jodi a, jis nan mitan nou, jan Li te ye Jou Pannkòt la, lè Li te revele pwòp tèt Li pou laj sa a, antan ke Sentespri a. Fè sa, pandan nou wè Pawòl yo ap akonpli, pwofesi yo ap akonpli!

<sup>240</sup> Nou konpare, jodi a, sa ki rele legliz nan mond lan, Konsèy Mondyal Legliz yo, e nou konpare sa ak pwomès jou Pannkòt la? Pa gen okenn konparezon, ditou. Nou pa ka lave rad sal nou yo sou kont biyè sa a.

<sup>241</sup> Men, Seyè Bondye, si nou vle retounen nan Fontèn sa a, gen yon pwosesis netwayaj, epi eksperyans nou ak Pawòl Bondye a va koresponn youn ak lòt. Epi, nou ka reklame sa k pou nou an. Fè sa, Seyè, aswè a, alòke m ap remèt moun sa yo nan men Ou. Bay chak moun sa yo bezwen, Papa. Nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

<sup>242</sup> Bondye beni nou. Mèsi, anpil, paske nou kanpe, ap tann lontan. E mwen ekskize m mwen te kenbe nou jiska dis minit pase dizè. Ke Bondye avèk nou jiskaske mwen va wè nou nan maten. Mwen remèt sèvis la kounye a, mwen sipoze, bay mèt seremoni an.



*BONDYE PWISAN AN DEWALE DEWAN NOU* CRE64-0629

(The Mighty God Unveiled Before Us)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on lendi swa 29 jyen 1964, pou konvansyon Fratènite Entènasyonal Òm Dafè Levanjil Konplè a nan Otèl Bellevue-Stratford ki nan Philadelphia, Pennsylvania, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)